

# AKSÈ AK SANTE NAN CHILI

Tout moun k ap viv nan Chili gen dwa jwenn swen sante, kèlkeswa nasyonalite yo, orijin yo oswa sityasyon migratwa yo, kit li regilye oswa iregilye.

## Kijan sistèm sante a fonksyone?

Gen de sistèm:

- Piblik, ki administre pa Fon Nasyonal Sante (FONASA)
- Prive, ki administre pa Enstitisyon Sante Previzyonèl (ISAPRE)

Pou jwenn aksè nan FONASA, ou bezwen enskri nan CESFAM (Sant Sante Fanmi) ki pi pre kay ou.

## Kijan pou enskri nan CESFAM

Ale nan CESFAM ki pi pre kote ou rete ak dokiman sa yo:

- Dokiman idantite peyi orijin ou (paspò oswa DNI)
- Kat etranje (PDI bay li)
- Prèv adrès:
  - Fakti sèvis tankou dlo oswa gaz
  - Sètifika rezidans ki ka bay pa Asosyasyon Katye kote ou rete (nan kèk ka, li ka gen yon pri)
  - Sètifika lekòl pitit ou

Nan CESFAM, ou dwe ale nan biwo SOME oswa Admisyon. Li rekòmande pou enskri tout fanmi an ansanm.

## Kenbe nan tèt

Si ou nan sityasyon migratwa iregilye epi ou pa gen revni, ou ka mande swen gratis atravè Tramo A nan FONASA. Pou sa, ou dwe pran yon randevou ak yon asistan sosyal nan menm biwo SOME nan CESFAM, ranpli yon fòm, epi deklare ou pa gen resous. Yo ap ba ou yon Nimewo Idantifikasyon Pwovizwa (NIP).

NIP la pa gen dat ekspirasyon epi li valab nan tout peyi a pou jwenn swen nan CESFAM, pòs sante, lopital piblik ak sèvis ijans.

Li pèmèt tou aksè nan garanti eksplisit sante (GES/AUGE), ki kouvri 87 maladi ak sipò ekonomik ak garanti swen. Pa gen NIP pa ka sèvi kòm rezon pou refize ou swen medikal. NIP la sèlman valab pou sèvis sante epi li pa sèvi pou lòt pwosedi administratif.

### ► Swen pou timoun ak adolesan migran

Leta chilyen garanti aksè nan sante pou timoun ak adolesan kèlkeswa sityasyon migratwa yo. Yo ka jwenn:

- Vaksen (Pwogram Nasyonal Imunizasyon)
- Swen dantè jiska 18 an
- Kontwòl timoun an sante jiska 9 an
- Kontwòl sante antye ant 10 ak 18 an
- Pwogram sipò devlopman byopsikososyal
- Pwogram Sipò pou Nouvo Ne

### ► Swen pou fanm ansent

Fanm ansent, kèlkeswa sityasyon migratwa yo, gen dwa jwenn swen pandan gwosès, pandan akouchman ak jiska yon ane apre akouchman.

Li rekòmande pou ale nan CESFAM anvan 14 semèn gwosès, men ou ka antre apre tou.

Lè ou enskri, ou jwenn aksè a:

- Swen pèsonalize pou pwosesis nesans
- Edikasyon sou swen gwosès
- Atelye preparasyon pou akouchman
- Swen dantè priyorite pou fanm ansent
- Fòmil lèt pou manman yo
- Pwogram Sipò pou Nouvo Ne

### ► Plis enfòmasyon ak konsèy

Pou konsèy, rele gratis Salud Responde nan 600 360 7777 oswa vizite [saludresponde.minsal.cl](http://saludresponde.minsal.cl)

An ka ijans medikal kote lavi yon moun an danje, rele gratis 131 (24/7)